

# Konekte Kominote Ayisyen nan Sid Florid

## Sondaj sou Òganizasyon Pwofesyonèl yo



## TAB MATYE

<b>I. Rezime Direktè a</b>	<b>Paj.3</b>
<b>II. Kisa Pwojè a ye</b>	<b>Paj.4</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Entwodiksyon</li><li>• Objektif pwojè a</li><li>• Konsènan patnè yo<ul style="list-style-type: none"><li>○ Ayiti Community Trust</li><li>○ Haitian American Professionals Coalition (Kowalisyon Pwofesyonèl Ayisyen Ameriken) (HAPC)</li></ul></li></ul>	
<b>III. Metodoloji</b>	<b>Paj. 6</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Metòd Rechèch yo</li><li>• Kesyon Rechèch yo</li><li>• Patisipan yo</li><li>• Mezi yo<ul style="list-style-type: none"><li>○ <b><u>Kesyonè Demografik:</u></b></li><li>○ Zouti Fondasyon Ford pou Jewografi</li><li>○ Kòmantè/Kalitatif</li></ul></li><li>• Pwosedi</li></ul>	
<b>IV. Rezilta yo</b>	<b>Paj. 9</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Deskripsyon Entèvyou yo</li><li>• Rezilta zouti Katografi a<ul style="list-style-type: none"><li>○ <b><u>Regwoupman Zòn yo</u></b></li><li>○ <b><u>Relasyon ant Zòn yo</u></b></li><li>○ <b>Twa Priyorite prensipal yo - kolektif</b></li></ul></li><li>• Prensip kle yo nan analiz la</li><li>• <b>Reyinyon pou Feedback ak Patisipan (lidè) yo:</b><ul style="list-style-type: none"><li>○ Kle Fidbak</li><li>○ <b>Kisa nou espere Reyalize avèk pwojè sa a?</b></li></ul></li></ul>	
<b>V. Konklizyon yo</b>	<b>Paj. 14</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• <b>Diskisyon ak Plan Aksyon</b></li><li>• Leson nou aprann</li><li>• Direksyon nan Lavni pou Pwojè a:</li></ul>	
<b>VI. Deklarasyon Finansyè</b>	<b>Paj.15</b>
<b>VII. Referans</b>	<b>Paj.16</b>
<b>VIII. Anèks</b>	<b>Paj.16</b>
<ul style="list-style-type: none"><li>• Pwotokòl Intèvyou:</li><li>• Kesyonè Demografik:</li><li>• Zouti Katografik Fondation Ford</li><li>• Fòm Kòmant:</li></ul>	

## REZIME EGZEKITIF

Rezime egzekitif sa a bay rezilta yon pwojè kat jewografik Ayiti Community Trust te fè nan patenarya ak Haitian American Professionals Organization (Kowalisyon Pwofesyonèl Ayisyen) (HAPC) pou dokimante kat 19 òganizasyon pwofesyonèl nan zòn Sid Florid la.

### Konteks

Kounya, Florid se kote Ozetazini ki gen pliplis Ayisyen ki ap viv. Epoutan poko genyen yon envantè sou ki kantite òganizasyon ki ap sèvi popilasyon sa a. Gras ak yon sibvansyon Connecting Communities in the Americas (CCA), Ayiti Community Trust te fè patenarya ak Haitian American Professionals Coalition (HAPC, Kowalisyon Pwofesyonèl Ayisyen Ameriken) pou egzekite yon pwojè kat òganizasyon pwofesyonèl ayisyen nan Sid Florid la. Ayiti Community Trust te wè yon mwayen pou òganizasyon sa yo amelyore fòs yo ansanm pou make pliplis enpak sosyal ak ekonomik. Ven patisipan nan òganizasyon ki gen Ayisyen alatèt yo te reprezante sektè lasante, edikasyon, imigrasyon, defans ak jistis, epi byennèt sosyal. Nou te chèche idantifye ki priyorite, kat, ak estrikti nou ka pataje pou jwenn solisyon ak pwogram efikas, ansanm ak metodoloji ki pou pèmèt òganizasyon sa yo sipòte avansman nan kominote ayisyen an. Pifò ladan yo te fè konnen yo bezwen sipò pou pèmèt yo jwenn fon ak pèsònèl pou jere resous, kenbe relasyon ak donatè yo, fè planifikasyon estratejik, epi devlopman òganizasyonèl.

Pwojè kat sa a te demontre gen yon gwoup ak anpil potansyèl epi resous pou make yon kokenn enpak sosyal pozitif sou popilasyon an. Pliplis toujou, yon opòtinite klè pou yon pozisyon estratejik, kolaborasyon san pwoblèm, epi bati patenarya nan mitan kominote ayisyen nan Sid Florid la.

### Dimansyon Travay la

Pwojè a te vize rasanble 20 òganizasyon sa yo antan yon rezo pou grandi fòs kolektif kominote ayisyen-ameriken an nan Sid Eta Florid la, pou ranfòse rezilta sosyo-ekonomik ansanm ak enpak sou Ayisyen Ozetazini ak sila ki an Ayiti.

Pandan li ap sèvi ak Zouti Katografi Fondasyon Fòd te kreye a, Rasanble Kominote Ayisyen yo te antre nan faz-2 pwogram lan ki genyen ladann:

- 1) Tabli misyon ak estrateji chak òganizasyon, lidèship ak fason pou dirije yo, administrasyon ak finans, metòd aprantisaj epi evalyasyon, ranfòsman ak konsey, angajman kominotè Ozetazini ak Ayiti, ansanm ak metòd pou kolekte fon ak kalite relasyon yo tabli ak donatè yo.
- 2) Sèvi ak enfòmasyon andedan òganizasyon yo pou idantifye eleman prensipal nan travay yo, epi fè yon kat sou kijan yo kominike, fè rapò, kenbe kontak epi fason yo ka itilize yo pou gen yon enpak sosyo-ekonomik pi enpòtan pou kominote ayisyen nan peyi Etazini ak an Ayiti.

### Metodoloji

Kèk antrevi youn-pa-youn te òganize ak lidè òganizasyon yo epi yo te sèvi ak yon zouti sondaj debaz sou popilasyon ansanm ak Sondaj Demografik Fondasyon Fòd te kreye a.

### Rezilta

Rezilta yo montre òganizasyon ki enplike nan pwojè sa a gen kèk domèn vital ansanm ak menm objektif pou ede manm yo ansanm ak kominote Ayisyen an Ayiti ak nan dyaspora a. Epoutan, rezilta yo te montre tou se pliplis fòmasyon teknik, ak pliplis fòmasyon debaz ak kapasite pou leve fon yo bezwen. Anplis desa, òganizasyon yo gen diferans nan nivo lidèchip, eksperyans, ak pwogramasyon; sepandan, opòtinite pou kolaborasyon ak patenarya egziste.

## Kisa Pwojè a Ye

### Entwodiksyon

Dapre resansman Ameriken 2019 la, Ayisyen Ameriken yo reprezante 0.4% nan total popilasyon Ameriken an, swa anviwon 1.4 milyon moun, sa ki fè yo se 15yèm pi gwo gwoup etnik nan peyi a. Ayisyen Ameriken yo konte pou 2.4% (plis pase 500, 000) popilasyon nan eta Florid la.

Sa a se echantiyon sou plis pase 1 milyon Ayisyen Ameriken atravè peyi Etazini. Apeprè  $\frac{2}{3}$  popilasyon nan gwoup sa a nan Florid abite nan zòn twa konte, Miami-Dade, Broward ak Palm Beach (Wikipedia, 2021). Ayisyen Ameriken yo depi plizyè jenerasyon toujou okipe wòl enpòtan, sòti manm konsey antrepriz pou rive nan travay esansyèl nan zòn Sid Florid la, ak pil lwen toujou. Pwogrè kominote sa a kontinye reyalize enpòtan anpil nan pati Sid Florid la paske li pèmèt zòn nan reyalize tout potansyèl li antan yon kominote miltikiltirèl ki djanm epi ki kapab satisfè bezwen tout manm li yo. Pandan Ayisyen Ameriken yo ap travay pou byen tabli lavi yo Ozetazini, pi gwo pwoblèm yo se paske yo toujou vle rete soude ansanm jan nou wè sa nan twa areyopò entènasyonal nan Florid yo ki gen vòl dirèk nan divès areyopò an Ayiti. Malgre pwogrè sa yo, sityasyon anpil manm nan kominote Ayisyen ameriken Florid la pa vin miyò. Pwoblèm lang nan kontinye epi vin pi rèd akòz nonsèlman yo se yon minorite, yo se etranje, yo nwa epi se sèlman lang kreyòl la yo pale. Yon egzanp sou konsekans estati minorite ayisyen ameriken yo, se paske pako gen endikatè pou sèvis sante nan sa ki konsènen pandemi Covid-19 la: Yon ankèt Miami Herald fè nan mwa me 2021, montre se sèlman 32.5% popilasyon senk prensipal zòn postal Miami Dade yo ki gen piplis ayisyen kap viv ladan yo ki te resevwa pou pipiti, yon dòz vaksen COVID-19. Yo estime pou tout zòn nan gen 55.5%. Sa a se rezilta etid anpirik yo ki montre anpil moun ki pale Kreyòl Ayisyen gen difikilte pou kominike enkyetid yo genyen sou kèk pwoblèm swen lasante oswa pou konprann rekòmandasyon ki sòti nan sous medikal yo oswa nan gouvènman an (Gazette,2021).

Nan ka sa yo travay kolektif òganizasyon ki fòm kowalisyon HAPC a enpòtan anpil, pou konprann kòman sityasyon k ap parèt yo ye nan reyalite a ansanm ak sistèm ki ranfòse enfrastruktir kominotè yo pou vin fleksib epi dirab. Pwojè kat Connecting Communities (Kominote Konekte) a te pèmèt òganizasyon patnè yo fonksyone kòm yon ekosistèm ak bonjan relasyon travay ki kapab pote chanjman fondamantal ansanm ak yon enpak sosyal dirab pi enpòtan nan mitan kominote Ayisyen -Ameriken an epi pa ekstansyon pou Ayiti.

### **Objektif Pwojè a:**

Etandone n ap viv nan yon sosyete k ap reevalye fason pou bese inegalite sosyal, li nesèsè pou mobilize fòs òganizasyon yo apati yon kowalisyon kont povrete nan kominote a, HAPC/ACT, te pare atravè pwojè sa a, pou dokimante epi kreye yon ekosistèm pou enfòm epi travay pou byennèt kominote Ayisyen-Ameriken nan Sid Florid la ak pilwen. Objektif pwojè a a, sete pou make enpak nan kat domèn sa yo:

1. Idantifye yo gen menm misyon, objektif epi yo swete menm enpak
2. Elabore yon menm estrateji, pwogram ak rezilta
3. Devlope ansanm yon platfòm pou fè pwomosyon ak ranmase fon
4. Estrateji pou estriktire sipò dyaspora ayisyen an bay Ayiti atravè yon optik transnasyonal.

Menmjan ak anpil kominote transnasyonal (emigre), avek 280,000 moun nan popilasyon an ki fèt an Ayiti, Ameriken ki fèt an Ayiti yo santi yo “lakay yo” lè yo Ozetazini tankou lè yo Ayiti (Restavek Freedom, 2015). Òganizasyon yo mete kanpe nan peyi ki resevwa yo a, Etazini

pou pifò, objektif yo pou kreye epi ranfòse relasyon travay, relijyon ak sosyal. Sepandan, menmsi relasyon sa yo kapab satisfè kèk fwa bezwen yo pou gen relasyon avèk moun nan yon sektè ki reflechi (panse) menm jan avèk yo, anpil fwa sa pa rezoud pwoblèm yo nan fon. Piplis toujou, pwoblèm sistematik sa yo, pa konsènen Etazini, peyi ki resevwa yo a sèlman, men li simaye tou nan tout pwoblèm kap travèse fanmi an, zanmi yo epi kòlèg nan peyi yo fèt la, Ayiti.

Lè nou tabli yon kat sou òganizasyon sa yo, n ap vin konpran nan fon lesprinou pwoblèm n ap konfwonte ki ap boulvèse nou yo, epi lè sa a, pou nou mete fòs nou ansanm pou rezoud pwoblèm yo epi dekouvri repons otan pou sila ki Etazini ak sa ki an Ayiti yo tou. Pwojè sa a va kontinye amelyore konesans ak konpreyansyon CCA sou ki kalite eksperyans kominote Ayisyen-ameriken an ap viv reyèlmanvre. Li patisipe nan objektif ACC a pou amelyore baz fondasyon kominotè ki kapab soutni kominote transnasyonal (ki arebò fontiyè yo) nan patisipasyon yo pou mete anplas yon mwayen pi efikas pou fè donasyon yo travèse fwontyè a. Pou plis presizyon, gras ak relasyon ant Ayisyen nan dyaspora ak sila ki an Ayiti, avèk òganizasyon ki nan pwojè katografi sa a, relasyon kominote nan Sid Florid la ak Ayiti vin kore pifò. Se gras ak rezilta pwojè sa a nan kominote Ayisyen-Ameriken an, CCA ap vin gen plis konesans sou fason kominote etnik yo itilize yon seri estrateji global (tèt ansanm) pou amelyore byenèt kominote a.

### **Konsènan patnè yo**

#### **Ayiti Community Trust (ACT)**

Ayiti Community Trust (ACT) se yon fondasyon kominotè transnasyonal (sou fwontiyè) ki mobilize Ayisyen ansanm ak zanmi Peyi dAyiti pou investi nan inovasyon ki kore sou aktif (byen), ki gen Ayisyen alatèt yo an Ayiti epi nan dyaspora a nan domèn edikasyon sivik, anviwonman, epi ak antreprenarya. Nan wòl li kòm fondasyon kominotè, ACT envite yon seri òganizasyon simaye menm lide sa a pou pèmèt yo tout gen menm konpreyansyon, epitou pou yo jwenn solisyon pou pwoblèm Ayisyen ap konfwonte, kelkeswa kote yo twouve yo. ACT ede anpil nan preparasyon katografi egzèsis sa a avèk patnè ki pi enpòtan nan pwojè a, ki se Haitian American Professionals Coalition (Kowalisyon Pwofesyonèl Ayisyano-Amerike [HAPC]). <https://ayiticommunitytrust.org/>

#### **Haitian American Professionals Coalition (HAPC)**

HAPC konprann li enpòtan pou kolabore ansanm, epi pou ansanm noutout genyen yon menm vizyon. Plan direktè rezo sa a se genyen òganizasyon ki manm, men domèn enterè yo diferan, pou yo kapab reyalize pwogram ak bay sèvis ki gen enpak sou manm kominote a. òganizasyon manm HAPC, ki gen bon repitasyon, travay nan domèn lasante, lalwa, sosyal, ekonomi edikasyon ak rezistans enfrastrikti (materyo). Pwojè sa te pèmèt HAPC epi ACT tou pou yo kolabore ak aktè kle nan kominote a ansanm ak manm kominote a pou kreye avèk siksè yon rezo reskonsab ki pou travay sou kondisyon sosyo-ekonomik kominote a. Travay kolektif HAPC a kore sou anviwon ventan eksperyans nan mitan òganizasyon kominotè, legliz, lekòl, lopital, nan sèvis leta, chanm komès epi defann kominote a nan tout Eta a okonplè. Pandan manda li a, HAPC te kowòdone kèk misyon medikal lokal ak entènasyonal, epi lèt jefò sekou nan moman katastwòf yo an kolaborasyon avèk Miami Dade College, pran angajman sivik nan nivo nasyonal ak lokal, fè pledwaye epi difizyon enfòmasyon. ([www.hapcoalition.org](http://www.hapcoalition.org)).

## **Metodoloji**

### **Metòd Rechèch yo**

Pandan li tap sèvi ak yon apwòch melanje, ekip rechèch la te fè entèvyou epi mande patisipan yo reponn yon kesyonè demografik ki pati nan pwosesis kòlèk enfòmasyon an. Pou kòmanse, nou te pwopoze pou mete 16 òganizasyon nan pwojè sa a. Men enterè a te vin ogmante lè nou kòmanse fè entèvyou ak patisipan yo, epi kominote a te vin aprann se yonsèl pwojè konsa nou t ap reyalize nan Sid Florid la ak òganizasyon pwofesyonèl Ayisyen yo. Sekonsa, HAPC vin ajoute kat (4) lòt òganizasyon nan gwoup pwofesyonèl sa a.

### **Kesyon Rechèch yo**

Kesyon n ap jwenn piba yo te sèvi kòm gid nan rechèch pou reyalize pwojè a:

- Kisa ki pwèn fò yo? Ki avantaj ki genyen?
- Nan ki domèn yo fèb/andefisi?
- Ki kote fòs pou yo mache ansanm lan kanpe?
- Ki menm priyorite òganizasyon yo genyen?

### **Patisipan yo:**

Patisipan yo te manm enpòtan nan òganizasyon yo te reprezante, (prezidan/CEO/ansyen prezidan) tout te dakò pou patisipe nan pwojè sa a. Kèk pami manm, men se pa yo selman, Haitian American Nurses Association of Florida, Inc. (HANA) ([www.hanaofflorida.org](http://www.hanaofflorida.org)), Association of Haitian Educators of Dade ([www.ahedflorida.org](http://www.ahedflorida.org)), Haitian Lawyers of Association ([www.Haitianlawyersassociation.org](http://www.Haitianlawyersassociation.org)), Haitian American Chamber of Commerce of Florida ([www.haccocf.com](http://www.haccocf.com)), Haitian American Physicians (<http://www.amhe.org/>); Haitian American Pharmacists Association (<https://hapafll.org/>); Haitian Mental Health Organization/Rebati Sante Mantal (<http://rebatisantementale.org/about/>); Community Access Center ([www.cacfl.org](http://www.cacfl.org)), Family Action Network Movement ([www.FANM.org](http://www.FANM.org)).

Nou te kòmanse rekritman an nan idantifye moun sa yo epi mande yo pou patisipe nan pwojè a. Nou te kòmanse ak 16 premye manm kowalisyon HAPC yo, nan moman kòmansman pwogram nan, de lòt òganizasyon vin jwenn HAPC, sa kifè nou te vin 18; nou ajoute tou de lòt òganizasyon ki pat manm, konsa nou te rive yon total 20. Nou fè entèviou ototal pou 19 òganizasyon (17 manm HAPC ak de òganizasyon ki pa manm). Tout jefò te fèt pou tout 20 manm yo te patisipe. Men, nou te oblije pran tan anvan nou kontakte yo pou vin patisipe nan pwojè sa a.

 <p><a href="http://ahedflorida.org/">http://ahedflorida.org/</a></p>	 <p><a href="http://www.ayiticommunitytrust.org/">http://www.ayiticommunitytrust.org/</a></p>
 <p><a href="http://www.amhe.org/index.html">http://www.amhe.org/index.html</a></p>	 <p><a href="https://www.avanseansanm.org/">https://www.avanseansanm.org/</a></p>
 <p><a href="http://www.blworkspaces.com/">http://www.blworkspaces.com/</a></p>	 <p><a href="https://hapcoalition.org/partners/#">https://hapcoalition.org/partners/#</a></p>
 <p><a href="http://www.haccof.com/">http://www.haccof.com/</a></p>	 <p><a href="https://www.hafbn19.org/">https://www.hafbn19.org/</a></p>
 <p><a href="http://www.hanaofflorida.org/">http://www.hanaofflorida.org/</a></p>	 <p><a href="https://hapaf1.org/">https://hapaf1.org/</a></p>
 <p><a href="https://havecoalition.org/">https://havecoalition.org/</a></p>	 <p>Haitian Lawyers Association <a href="http://www.haitianlawyersassociation.org/">http://www.haitianlawyersassociation.org/</a></p>
 <p><a href="https://nhaeon.org/">https://nhaeon.org/</a></p>	 <p><a href="http://rebatisantementale.org/">http://rebatisantementale.org/</a></p>
 <p><a href="https://www.uturnyouthconsulting.com/">https://www.uturnyouthconsulting.com/</a></p>	
 <p><a href="https://mandodo.org/">https://mandodo.org/</a></p>	 <p>Haitian Neighborhood Center <a href="https://www.santla.org/">https://www.santla.org/</a></p>
 <p><a href="https://santepam.net/">https://santepam.net/</a></p>	 <p><a href="https://hapcoalition.org/partners/">https://hapcoalition.org/partners/</a></p>

## Mezi yo:

Pandan plizyè reyinyon, komite a te prepare kesyon debaz pou antrevi yo epi kreye yon pwotokòl pou swiv pou reyalize tout 19 antrevi yo. Anplisdesa, nou te seleksyone de zouti ki ta dwe itilize pou entèvyou lidè ki alatèt chak nan òganizasyon sa yo. Antrevi yo sete moso kesyon, pou pèmèt patisipan yo rakonte istwa yo epitou bay yon apèsi sou eksperyans pa yo. Anjeneral, antrevi yo te bay enfòmasyon egzak sou chak estrikti òganizasyonèl ansanm ak priyorite yo. Yo te sèvi ak mezi nou endike anba la a:

1. ***Kesyonè Demografik:*** Yo te voye yon kesyonè demografik elektwonik bay tout patisipan yo anvan antrevi a. Kesyonè a te genyen 10 kesyon. Kesyon yo te chwazi pou bay enfòmasyon demografik sou moun kap reponn yo, sou wòl yo nan òganizasyon pa yo epi si yo te familiarize ak kowalisyon HAPC la. Plis toujou, kesyonè sa a te fèt pou bay yon rezime sou angajman patisipan an nan kowalisyon an ansanm ak nan tout kominote Ayisyen Ameriken aletranje.

2. ***Kat Zouti Fondasyon Fòd la:*** Fondasyon Fòd te kreye OMT pou ede òganizasyon yo evalye devlopman òganizasyonèl yo. Li ba yon kad global yo kapab itilize pou mezire pèfòmans òganizasyon an nan moman an, idantifye domèn li amelyore yo, epitou mete kanpe estrateji pou amelyorasyon. Zouti sa a kalkile pou pèmèt òganizasyon ki travay san pwofi yo ak fondasyon yo evalye kapasite òganizasyonèl benefisyè yo. OMT a itil tou pou pèmèt òganizasyon yo evalye kapasite òganizasyonèl benefisyè yo. Li kapab founi yon zouti valab pou tavay nan planifikasyon estraterjik epi tounen yon zout pou dyagnostike. Se yon zouti ekselan pou ede òganizasyon yo idantifye fòs yo ak feblès yo epitou pou devlope yon plan pou ranfòse kapasite yo.

3. ***Kòmantè/Kalitatif:*** Kòmantè alafen chak kategori epi Sondaj louvri-fèmen nan fen antrevi a.





## Pwosedè


Chak òganizasyon ka chwazi pou yo fè antrevi a fasafas oswa atravè zoom: akòz pandemi mondyal (Covid-19) la, pifò patisipan yo te chwazi obsyon zoom lan. Toulede pati yo te dakò sou dat ak kilè epi yo te voye yon imèl bay moun yo te pral kesyone yo epi ekri yo yon mesaj nan jou antrevi a. Laplipa antrevi yo te ka fèt nan dat ak lò yo te pwograme nan premye randevou a. Epoutan, gen anpil nan yo ki te oblije repwograme. Patisipan yo te bay dizon yo tou pou anrejistre antrevi yo. Anvan yo te kòmanse antrevi yo, patisipan yo te li règleman yo epi bay dizon yo (*nan zoom, moun ki tap poze kesyon yo te pataje ekran an avèk patisipan yo pou tout moun okouran sakapfè, epi pou toulede gwoup yo te ka wè tout enstriksyon yo*). Apre yo fin resevwa tout enstriksyon yo, patisipan yo te reponn premye kesyonè a (demografik) sou fòm plizyè chwa, epitou yo te anrejistre repons yo atravè sistèm Qualtrics la (tanpri gade dyapozitif 13 la).

Qualtrics se yon lojisyèl pou fè ankèt sou entènèt ki pèmèt yon moun kreye ankèt fasilman, ranmase epi estoke done epoutou pwodui rapò. Qualtrics lan se yon lojisyèl ankèt ki fasil pou itilize ki pa mande okenn fòmasyon anvan ou sèvi avèk li. Li genyen plizyè dizèn modèl ladan ansanm ak modèl ankèt pou pèsonalize, ansam ak grafik, zouti statistik entegre, avèk posiblite pou telechaje done yo nan diferan fòm.

Lè yo te fin reponn kesyon demografik yo, patisipan yo te resevwa entriksyon pou ranpli zouti katografi Fondasyon Fòd la. Nan sa a tou, anketè a te pataje ekran li avèk patisipan yo. Patisipan yo te genyen pou reponn kesyon ki te mande plizyè repons pandan yo te gen pou chwazi ki repons kite koresponn pibyen ak sa yo t ap eseye esplike a. Patisipan yo te envite tou pou yo pataje repons wi-oswa-non yo, alafen chak seksyon, anketris la te ekri egzaktman tout sa naratris la di pandan li t ap pale. Echanj yo te dire anviwon inè edmi; pou zoom nan pa vin twò fatigan, yo te otorize patisipan yo deplase anba je kamera a, (si yo te vle), pran repo si sa te necesè oswa kontinye antrevi a nan pita. Tout 19 patisipan yo te chwazi pou fini pwosesis la pandan yon sèl seyans.

## Rezilta yo






Plan analiz sa a te kreye pou rezilta yo. Na jwenn anba a yon rezime analiz sa yo: (1) done deskriptif sou patisipan yo; (2) analiz grap pou dekouvri kòman domèn yo regwoupe; (3) analiz korelasyon pou detèmine relasyon nan mitan domèn yo; epi (4) rezime twa prensipal priyorite òganizasyon yo.







## Deskripsyon Entèvyou yo

Moun yo poze kesyon yo sete dirijan alatèt diferan òganizasyon ki patisipe nan pwojè sa a. Plis pase 63% nan yo fèt an Ayiti epi apeprè 80% ladan yo idantifye tèt yo kòm fanm. Laplipa ladan yo gen omwen yon pitit (73%) epi/oswa te leve nan mitan fanmi ki gen kilti melanje. Laplipa patisipan yo te pale plizyè lang, swa kreyòl ayisyen, franse, angle ak espayòl. Plispase mwatye nan yo (52.6%) te marye oswa t ap viv ansanm. Anplis wòl lidè yo nan mitan òganizasyon yo nan kad pwojè sa a, anviwon 77% nan yo gen “lòt” wòl lidè kòm okipasyon. Pousa ki konsènen rapò yo ak Ayiti, 42% deklare yo vwayaje al an Ayiti omwen yon fwa chak ane, yo pase anviwon 3 a 7 jou nan peyi a epi yo fè vwayaj sa yo prensipalman pou patisipe oswa angaje yo nan yon pwojè an Ayiti. Jan patisipan nou yo te fè remake sa, depi Covid la, ak twoub ki vin devlope an Ayiti yo, vwayaj yo vin mwens, epi yo pa fèt souvan. Epoutan, anvi vwayaje ale “lakay” pi souvan oswa regilyèman an, toujou la.

## Informasyon Demografik




## Angajman nan Peyi Etazini ak Ayiti



## Rezilta zouti Katografi a Regwoupman Zòn yo

Menmsi patisipan yo te resevwa repons vil pa yo a pou kesyon sa yo, rezime a se yon analiz sou repons patisipan yo te fè ansanm pou chak domèn katografi yo. Yo te sèvi avèk analiz an grap yo pou evalye regwoupman zòn yo pou òganizasyon yo. Analiz an grap la se yon teknik analiz done ki evalye gwoup (grap) natirèl yo nan mitan yon kantite done ki pa genyen gwoup yo defini alavans. Menmsi yo te eseye analiz an grap la pou done yo, anpil travay te oblije fèt pou regwoupe rezilta yo paske repons òganizasyon yo pou domèn yo, te diferan anpil. Men yon egzanp pou montre sa nou di a. Pou sa ki konsènen gouvènans, nou ka konstate kèk similitid (bagay ki mache menm jan) nan òganizasyon yo. Epoutan, grafik yo montre plizyè lòt repons òganizasyon yo bay pou kesyon yo. Yon chema menm jan an te parèt pou tout domèn ki konsènen katografi. Kidonk, li pat posib pou analize grap yo avèk presizyon jan sa te prevwa.



## Relasyon ant Zòn yo

Anplis de analiz la, nou te yon analiz korelasyon pou detèmine relasyon ki genyen ant diferan zòn nan zouti nan kat jeyografik la. Gade graf yo pou matris la korelasyon ak enfòmasyon.

		Correlations							
		MissionTotal	Programming Total	ProgramEval Total	Advocacy	Leadership	CommunityEngagement	Organization Capacity	Organization Culture
MissionTotal	Pearson Correlation	1	.766**	.727**	.727**	.404	.794**	.521*	.546*
	Sig. (2-tailed)		<.001	<.001	<.001	.086	<.001	.022	.016
	N	19	19	18	17	19	19	19	19
ProgrammingTotal	Pearson Correlation	.766**	1	.806**	.541*	.509**	.836**	.795**	.825**
	Sig. (2-tailed)	<.001		<.001	.025	.026	<.001	<.001	<.001
	N	19	19	18	17	19	19	19	19
ProgramEvalTotal	Pearson Correlation	.727**	.806**	1	.730**	.593**	.835**	.777**	.833**
	Sig. (2-tailed)	<.001	<.001		.001	.010	<.001	<.001	<.001
	N	18	18	18	16	18	18	18	18
Advocacy	Pearson Correlation	.727**	.541*	.730**	1	.388	.911**	.583*	.669**
	Sig. (2-tailed)	<.001	.025	.001		.123	<.001	.014	.003
	N	17	17	16	17	17	17	17	17
Leadership	Pearson Correlation	.404	.509**	.593**	.388	1	.533**	.560*	.743**
	Sig. (2-tailed)	.086	.026	.010	.123		.019	.013	<.001
	N	19	19	18	17	19	19	19	19
CommunityEngagement	Pearson Correlation	.794**	.836**	.835**	.911**	.533**	1	.733**	.755**
	Sig. (2-tailed)	<.001	<.001	<.001	<.001	.019		<.001	<.001
	N	19	19	18	17	19	19	19	19
OrganizationCapacity	Pearson Correlation	.521*	.795**	.777**	.583*	.560*	.733**	1	.852**
	Sig. (2-tailed)	.022	<.001	<.001	.014	.013	<.001		<.001
	N	19	19	18	17	19	19	19	19
OrganizationCulture	Pearson Correlation	.546*	.825**	.833**	.669**	.743**	.755**	.852**	1
	Sig. (2-tailed)	.016	<.001	<.001	.003	<.001	<.001	<.001	
	N	19	19	18	17	19	19	19	19

\*\* . Correlation is significant at the 0.01 level (2-tailed).  
\* . Correlation is significant at the 0.05 level (2-tailed).

## Twa Priyorite prensipal yo - kolektif

Pandan yo tap sèvi ak enfòmasyon nan zouti katografi a yo te mande patisipan yo pou idantifye premye, dezyèm ak twazyèm priyorite. Tablo anba yo reprezante repons tout patisipan yo ansanm. An jeneral, twa premye priyorite yo sete sila yo: (1) Finansman ak rapò avèk donatè yo (N=12); Jesyon Finansyè (N=6); epi (3) Misyon ak Estrateji (N=5).

**Tablo 1: Premye Priyorite**

Priority	Frequency	Percentage
Funding, Fundraising, and Donors Relations	9	45%
Mission and Strategic Planning	4	20%
Safety and Security	2	10%
Financial Management	1	5%
Organizational Structure	1	5%
Field Engagement	1	5%
Human Resources	1	5%

**Tablo 2: Dezyèm Priyorite:**

Priority	Frequency	Percentage
Administration, Human Resources	6	30%
Financial Management	3	15%
Programming	3	15%
Fundraising and Donors Relations	2	10%
Organizational Culture and Governance	2	10%
Mission and Strategy	2	10%
Safety and Security	1	5%

**Tablo 3: Twazyèm Priyorite:**

Priority	Frequency	Percentage
Learning and Evaluation	3	15
Organizational Culture & Governance	3	15
Financial Management	2	10
Programming	2	10
Advocacy	2	10
External Communications	1	5
Field Engagement	1	5
Fund Raising and Donors Relations	1	5
Human Resources	1	5
Network Leadership	1	5
Policies and Procedures	1	5
Safety and Security	1	5

## **Prensip kle yo nan analiz la**

Prensip kle yo nan pwojè a se nesosite pou pwotokòl pou entèvyou zoom yo, se enpòtans konprann nan ki konteks moun k ap fè entèvyou yo ap viv, epi enpòtans pou apresye valè ekosistèm kominote Ayisyen-Ameriken yo ap fonksyone ladan an. Pwojè a pral konsantre sou bati solisyon, ekplwate nouvo teknoloji, epi devlope nouvo patenarya ki pou pèmèt kreye solisyon dirab tounèf ki aplikab toupatou.

1. Nou ka jwenn repons diferan selon moun ki te fè entèvyou a (pa egzanp yon trezorye nan yon òganizasyon kapab meyè moun pou poze kesyon sou finans ak politik òganizasyon an).
2. N ap mete anplas pwotokòl pou entèvyou sou zoom yo ki kapab kreye yon espas repo nan mitan pwogram yo, politik sou travay kamèman yo, epi yon kalkil egzak sou tan ki nesèsè pou reyalize entèvyou yo.

## **Reyinyon pou Feedback ak Patisipan (lidè) yo:**

Nou te anonse òganizasyon ki te patisipe yo rezilta pwojè a pou resevwa kòmantè ananm ak reyaksyon yo. Anplis desa, nou te swete konnen si yo panse yon meyè fason pou sèvi ak rezilta yo pou avanse pou pidevan. Nou te òganize yon reyinyon kite dire dezèdtan epi te genyen onz òganizasyon reprezante ladan. Manm yo deja resevwa rapò preliminè a. Yo te prezante yo rezilta global yo tou. Diskisyon yo te fokis sou kesyon anban yo:

- Reyaksyon
- Refleksyon sou etap kap vini yo
- Itilizasyon rapò a.

Enpak global pwojè sa a sete patisipan yo ki te santi yo kapab rekonekte avèk kilti yo epitou ak dyaspora a pou pataje meyè pratik, ogmante kapasite yo epi favorize kolaborasyon nan mitan òganizasyon yo. Patisipan yo te gen enpresyon tou yo te jwenn meyè aksè a resous yo, èd yo, epi rezo ki pou ede yo reyalize objektif yo. Poufini, yo te ankouraje patisipan yo rakonte istwa yo (sa y ap viv), eksperyans yo epi konesans yo avèk manm jenerasyon k ap vini yo:

## **Kle Fidbak**

- Nesosite pou fè katografi patnè yo ak relasyon yo epi pou youn konn lòt - katografye relasyon nou genyen youn ak lòt”.
- Dekouvri objektif tètansanm òganizasyon an pral konsantre sou yo epi detèmine poukisa epi avèk kisa li ye.
- Oganize rankont pou ranfòse konpetans sou kòlèk fon epi kijan pou prepare demann sibvansyon pou manm yo.
- Pledwaye ak lòbying sou yon seri kesyon pou tout moun.
- Yon komite pilotaj restren te kreye avèk kèk manm enpòtan pou kontinye travay la.

## **Kisa nou espere Reyalize avèk pwojè sa a?**

1. Identifikasyon yon menm misyon, bi, epi enpak nou vle a
2. Devlopman menm estrateji epi pwogram entran ak rezilta
3. Devlopman yon menm platfòm pou pledwaye ak kòlèk fon

4. Estrateji pou estriktire sipò Ayisyen nan dyaspora bay Ayiti atravè yon optik transnasyonal

### **Konklizyon yo**

Rezilta zouti katografi yo montre òganizasyon yo anpil sou divès pwen. Pou piplis presizyon, òganizasyon yo diferan nan sa ki konsènen lidèchip, eksperyans, pwogramasyon, etc. Men kanmenm, yo genyen ansanm kèk priyorite kle ki kapab konstitye yon etap esansyèl sou chemen kolaborasyon ak patenarya nan mitan òganizasyon sa yo.

### **Diskisyon ak Plan Aksyon**

Seksyon sa nan rapò a bay yon apèsi sou leson ki degaje apatide pwojè katografi a epi direksyon posib pou avni pwojè a.

### **Leson nou Aprann**

Reyalizasyon pwojè sa a avèk òganizasyon pwofesyonèl sa yo te pèmèt nou aprann anpil leson:

- Enpòtans pou kalkile yon plan klè pou pwojè a, pou konnen sa w ap chèche epitou montre anpil souplès si sa nesèsè.
- Enpòtans kominikasyon nan travay sou yon pwojè kote plizè moun mèt tèt ansanm.
- Enpòtans pou genyen yon platfòm teknolojik solid ki pou fasilite pwosesis rechèch la.
- Nesosite pou ou pwoaktif epi kreyatif lè pou rasanble enfòmasyon yo.
- Enpòtans pou fikse objektif klè epi pou rete òganize.

### **Direksyon nan Lavni pou Pwojè a:**

Rezilta pwojè sa a kat jeyografik mete sou baz la pou aplikasyon de faz adisyonèl konekte Haitian American Professionals Coalition (Òganizasyon Pwofesyonèl Ayisyen Ameriken) yo:

1. Nou pral aplike yon pwosesis solisyon-pwosesis ki idantifye solisyon enpak ki émergentes soti nan rezilta yo nan etid la, avèk yon konsantre sou idantifye ak apresye ekosistèm nan pi laj nan ki jan kominote ayisyen Ameriken yo fonksyone, detèmine redondans nan travay nou an, idantifye espas, ak eksplòre nouvo lide ki gen potansyèl pou plis enpak kolektif.
2. Baze sou enfòmasyon sa a, nou pral konsepsyon, tès, ak pwototip yon modèl pou etabli nouvo patenarya, itilize nouvo teknoloji yo nan lòd yo kreye solisyon alontèm ki ka travay nan echèl.

## Deklarasyon Finansye

Fich finansye sa a prezante depans ki fèt pou pwojè a. Bidjè inisyal yo te mande pou pwojè sa te fè yon total 40 000 dola epi li te gen ladan materyèl, frè konsiltan, orè konsiltan fondasyon an, frè pou analis done yo, frè pou reyinyon, katografi, lojisyèl pou analize done, preparasyon rapò a, tradiksyon rapò a, enpresyon ak difizyon rapò a. Konsa, alafen, pwojè a te kapab bay 20 000 \$ kash kòm sipò.

<b>Deskripsyon (e.g., materyèl, konsiltan, orè pèsonèl fondasyon an)</b>	<b>Montan</b>
Direktè Pwojè ACT	\$5,000
Konsiltan (2 @ 3,000/chak)	\$6,000
Analis Done (bous pou elèv ki diplome)	\$2,000
Frè reyinyon pou entèvyou endividyèl, kontwòl rezilta yo ak rapò final (3 reyinyon @ \$500)	\$2,500
Lojisyèl kat ak analiz done	\$1,500
Pwodiksyon rapò	\$1,500
Tradiksyon rapò a	\$500
Enpresyon ak difizyon rapò a	\$1,000
Kontribisyon sou fòm travay ki soti nan ACT ak HAPC	\$20,000
<b>TOTAL</b>	<b>\$40,000</b>
Montan CCA mande	\$20,000

## Referans:

Gazette, M. (2021, March 31). Miami Herald Investigation: Vaccine rollout lags in zip codes with highest Haitian populations. Miami Herald. <https://www.miamiherald.com/news/local/article250093043.html>

"Haitian Americans," Wikipedia, Last modified December 26, 2020, [https://en.wikipedia.org/wiki/Haitian\\_Americans](https://en.wikipedia.org/wiki/Haitian_Americans).

Restavek Freedom. (2015, September 22). Top 10 US States with Haitian Immigrants. Retrieved from <https://restavekfreedom.org/2015/09/22/top-10-us-states-with-haitian-immigrants/>.

## Anèks:

Pwotokòl Intèvyou:  [INTERVIEW PROTOCOL--MAPPING GRANT.docx](#)

Kesyonè Demografik: [https://umiami.qualtrics.com/jfe/form/SV\\_a2Z8IdKB4j8VujI](https://umiami.qualtrics.com/jfe/form/SV_a2Z8IdKB4j8VujI)

Zouti Katografik Fondation Ford: [https://umiami.qualtrics.com/jfe/form/SV\\_aaSo1kZMMz0pNXM](https://umiami.qualtrics.com/jfe/form/SV_aaSo1kZMMz0pNXM)

Fòm Kòmant: <https://forms.gle/gihh4XpLHhhv5MJd7>